

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Masalah

Dina kahirupan sapopoéna manusa moal bisa leupas tina kabudayaan, lantaran manusa anu nyiptakeun jeung ngagunakeun éta kabudayaan. Manusa hirup ku ayana kabudayaan, sedengkeun kabudayaan bisa terus aya lamun manusa bisa ngaluyukeun éta kabudayaan jeung kabutuhan-kabutuhan anu aya di lingkunganana.

Hogman (dina Effendi jeung Malihah, 2007: 95) ngabagi kabudayaan jadi tilu wujud, nyaéta *ideas, activities, and artifact*. Wujud budaya *ideas* mangrupa perwujudan kabudayaan nu sifatna abstrak. Perwujudan tina *activities* ngabogaan sifat kongkrit dina wangun tingkah laku jeung basa. Wujud kabudayaan *artifact* ngabogaan perwujudan nu sifatna kongkrit nu mangrupa materi/artefak.

Dumasar kana kodratna, ti Alloh SWT manusa geus dipaparin cipta (pikiran/akal), rasa (perasaan/émosional), jeung karsa (kahayang), ayana kakuatan jeung pikiran, manusa kudu bisa ngungkulan kana tungtutan kahirupanana.

Manusa ku kodratna ngabogaan cipta, rasa, jeung karsa ieu bisa nyieun tolak ukur kaéndahan kelompokna masing-masing, ku lantaran kaéndahan mangrupa hiji hal nu subjektif. Kaéndahan arsitéktur tradisional mangrupa salasahiji hasil tina kabudayaan.

Arsitéktur tradisional mangrupa aspék nu kawilang pénting dina kamékaran kabudayaan jeung adat hiji daérah, anu jadi simbol kabudayaan.

Kaéndahan arsitéktur tradisional hiji daérah mangrupa hasil penerapan geometri sacara teu sadar.

Salasahiji ragam budaya ti unggal sélér nu aya di Indonesia nyampak dina wangun arsitéktur tradisional saperti imah adat Sunda, Jawa, Batak, Minangkabau, Bugis, Bali, jeung Toraja. Unggal imah adat miboga fungsi tur mangpaat sarua, nyaéta pikeun tempat nganjrek dina kahirupan sapopoé, aya ogé nu dijadikeun tempat karamat.

Keur urang Sunda, imah téh lain ngan saukur pikeun tempat nganjrek atawa tempat istirahat wungkul, tapi miboga harti anu leuwih léga, ngawengku aspek sosial, ekonomis, jeung jadi puseur atikan budaya kaasup pendidikan moral, sarta dianggap suci (sakral). Nya di jero imah pisan tumuwuh hubungan sosial anggota kulawarga. Di imah ogé tempat migawé hal-hal nu sipatna ekonomis (*home industri*). Di imah pisan hal-hal nu tumali jeung atikan kabudayaan ku indung-bapa diajarkeun ka anak-anakna.

Ciri has imah Sunda nyaéta imah panggung nu aya kolongan. Bédana jeung imah panggung sélér bangsa séjén saperti Batak, Dayak, Minangkabau, nyaéta luhurna kolong imah Sunda mah teu pati luhur (40-60cm), siga kolong imah urang Jepang. Upama aya imah di Tatar Sunda anu lain panggung, ngupuk saperti di daérah tatar kalér éta mah pangaruh budaya Jawa. Ari wangun imah, biasana pasagi panjang. Lanténa maké palapuh awi, bilikna tina awi dianyam atawa ku sasag, hateupna biasana tina injuk, sarta keur mageuhan pondasi tara maké bahan-bahan nu tina beusi, tapi kabéh sumberna ti alam. Rangkey imah

dijieunna tina kai, maké tatapakan tina batu atawa cadas. Rohangan imah dibagi nurutkeun babagian nu husus.

Dina mangsa kiwari, wangun arsitéktur tradisional Sunda geus arang langka dipaké, diganti ku arsitéktur modéren. Dina arsitéktur modéren, bahan dina nyieun imah umumna geus maké beton jeung batu bata, lian ti éta dina arsitéktur modérn imah téh lain mangrupa bagéan tina kosmos, hal ieu béda jeung arsitéktur tradisional Sunda nu ngagunakeun bahan alam dina nyieun imah sarta nempatkeun imah salaku bagéan tina kosmos. Téhnologi jeung kamekaran jaman kalawan teu sadar geus ngarobah pola tantanan hirup kumbuh komunitas, ngarobah beungkeutan sosial budaya anu tadina kuat.

Konsép arsitéktur imah Sunda nu mibanda konsép filosofis, kacida hadéna upama bisa ditransformasikeun kana arsitéktur imah anu modérn, nu luyu jeung kapribadian bangsa. Éta konsép arsitéktur téh tangtu baé kudu diluyukeun jeung kamajuan téhnologi bari teu lésot tina sawangan hirup jeung palasipah kabudayaan Sunda.

Éta sababna upama hiji imah dipaké hal-hal anu teu hadé atawa dipaké hal-hal anu kotor, bakal dianggap ngaruksak kasakralan imah, imahna matak mawa naas. Ceuk urang Sunda mah imah téh mangrupa tempat anu suci nu kudu dijaga kasucianana.

Di Kacamatan Tambaksari, Kabupatén Ciamis, aya hiji tempat nu ngaranna Kampung Kuta. Ieu kampung mangrupa salasahiji kampung adat. Lemburna teu pati léga, kitu deui jumlah pendudukna. Kahirupan wargana tina tatanén jeung nyadap kawung. Nu ngatur kahirupan warga, keur kapentingan

pamarentahan di atur ku RT, RW, jeung kepala dusun, sedengkeun urusan adat dipupuhuan ku kuncen jeung kepala adat.

Sanajan Kampung Kuta teu pati anggang jeung lembur séjénna nu aya di wewengkon Désa Karangpaninggal, tapi boh wangunan imah boh tradisi kahirupan masarakatna nenggang ti nu lian. Nurutkeun pupuhu adat Kampung Kuta Pa Karman, unggal léngkah urang Kuta kudu anut kana tatali karuhun, saperti ngadegkeun imah, tatanggapan, asup ka leuweung karamat, jeung ngurebkeun mayit.

Warga Kampung Kuta ngabogaan aturan dina cara ngadegkeun imah nu teu meunang dirémpak. Dina wangunan imahna teu meunang maké bata, jeung semén, rahabna kudu ngagunakeun kai, jeung awi. Kitu deui hateup imah kudu maké kiray atawa injuk kawung, sarta teu meunang dipaseuk ku paku nu dijeung tina beusi atawa waja. Ku kituna, sangkan bahan keur piimaheun tetep nyampak, unggal warga mun ngabogaan anak, sapaé sanggeusna éta orok gubrag ka alam dunya, bapana kudu melak tutuwuhan pangpangna kai jeung awi. Mun éta amanat karuhun dirémpak bakal ngadatangkeun mamala ka pangeusi lembur.

Pedaran ngeunaan Kampung Kuta geus aya nu nalungtik, judulna “Ajén Palsapah Dina Symbol-Simbol Upacara Tradisi Nyuguh Di Kampung Kuta Désa Karangpaninggal Kacamatan Tambaksari Pikeun Bahan Pangajaran Di SMA (Ulikan Struktural Semiotik)” nu di susun ku Bustomi. sedengkeun panalungtikan ngeunaan arsitéktur imah adat Kampung Kuta, Désa Karangpaninggal, Kacamatan Tambaksari, Kabupatén Ciamis tina jihat palsapah can aya nu nalungtik. Ku kituna kacida payus tur meujeuhna upama dilaksanakeun panalungtikan kana éta

hal, lian ti can aya nu nalungtik, ogé moal ngabalukarkeun panalungtikan anu tumpang-tindih atawa malikan kana panalungtikan saméméhna. Ieu panalungtikan téh dijudulan “Ajén Palsapah dina Arsitéktur Imah Adat Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kacamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis”.

1.2 Watesan jeung Rumusan Masalah

1.2.1 Watesan Masalah

Dumasar kana kasang tukang, masalah nu ditalungtik téh diwatesanan sangkan teu léga teuing ambahanna tina widang nu ditalungtik. Ieu panalungtikan medar ngeunaan ajén palsapah anu ngawengku ajen palsapah éstetika nu aya dina arsitektur imah adat Kampung Kuta.

1.2.2 Rumusan Masalah

Luyu jeung kasang tukang sarta watesan masalah nu geus diébréhkeun di luhur, nu jadi masalah dina ieu panalungtikan bisa dirumuskeun saperti ieu di handap:

- 1) Kumaha gambaran umum Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kacamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis?
- 2) Kumaha prosés ngadegkeun jeung wangun imah nu aya di Kampung Kuta?
- 3) Ajén palsapah naon nu nyampak dina arsitéktur imah adat Kampung Kuta?
- 4) Kumaha patalina antara konsép arsitéktur imah adat Kampung Kuta jeung konsep arsitéktur tradisional Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Unggal kagiatan panalungtikan tangtu ngabogaan tujuan. Ieu panalungtikan téh ngabogaan tujuan umum jeung tujuan husus. Tujuan umum dina ieu panalungtikan nyaéta medar jeung ngaguar sarta ngawanohkeun arsitéktur imah adat Sunda nu aya di Kampung Kuta ka masarakat umum.

1.3.2 Tujuan Husus

Sacara husus ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) Gambaran umum Kampung Kuta Désa Karangpaningal Kacamatan Tambaksari Kabupatén Ciamis;
- 2) Prosés ngadegkeun jeung wangun imah nu aya di Kampung Kuta;
- 3) Ajén palsapah dina arsitéktur imah adat Kampung Kuta, Désa Karangpaningal, Kacamatan Tambaksari, Kabupatén Ciamis; jeung
- 4) Patalina antara konsép arsitéktur imah adat Kampung Kuta jeung konsep arsitéktur tradisional Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Mangpaat tioritis anu nyampak dina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambah pangaweruh, mikayaho, jeung ngamumulé kabudayaan Sunda, hususna arsitéktur wangunan nu aya di Kampung Kuta.

1.4.2 Manfaat Praktis

Aya sababaraha manfaat praktis tina ieu panalungtikan, di antarana:

- 1) Pikeun panalungtik, bisa meunang informasi ngeunaan ajén palsapah dina wangun imah adat Kampung Kuta, Désa Karangpaningal, Kacamatan Tambaksari, Kabupatén Ciamis.
- 2) Méré gambaran ka mahasiswa, hususna mahasiswa Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah ngeunaan ajén palsapah dina wangunan imah adat Sunda.
- 3) Pikeun ngeuyeubkeun pabukon Jurusan Pendidikan Bahasa Daérah, utamana nu patli jeung arsitéktur wangunan Sunda.

1.5 Asumsi

Asumsi nyaéta salasahiji bebeneran, tiori atawa pamadegan anu dijadikeun dadasar dina hiji panalungtikan anu teu kudu diuji cobakeun deui bener atawa salahna. Dina prinsipna ieu bebeneran, tiori jeung pamadegan bisa ditarima ku kabéh pihak (Suyatna, 2002: 7). Niténan hal éta, tétéla pisan yén anggapan dasar téh mangrupa tatapakan dina mikir pikeun ngaréngsékeun masalah anu baris ditalungtik.

Luyu jeung pamadegan di luhur, nu jadi anggapan dasar dina ieu panalungtikan nyaéta:

- 1) Kabudayaan téh mangrupa hasil tina cipta, rasa jeung karsa nu ngawengku sakabeh aspék kahirupan manusa dina hirup kumbuhna.
- 2) Mikawanoh ajén palsapah tina arsitéktur imah adat Kampung Kuta kawilang penting pikeun ngamumulé kabudayaan Sunda sarta miboga pilosopi anu bisa dilarapkeun pikeun kahirupan urang Sunda.

- 3) Imah adat Kampung Kuta mangrupa hiji wujud kabudayaan tradisi Sunda nu aya di Kabupaten Ciamis.

1.6 Raraga Nulis

Léngkah pamungkas dina ieu panalungtikan nyaéta nyusun laporan. Sabada hasil panalungtikan dipasing-pasing, dianalisis nepi ka jadi informasi anu bisa disusun dina wangun deskriptif nu ahirna disusun sacara sistematis dina wangun skripsi. Anapon susunan eusi ieu skripsi bisa di titena ieu di handap:

- 1) BAB I dijudulan bubuka anu eusina ngawengku kasang tukang masalah, watesan jeung rumusan masalah, tujuan panalungtikan, métode jeung tehnik panalungtikan, mangpaat panalungtikan, wangenan istilah, asumsi, jeung pamungkas raraga tulisan;
- 2) BAB II dijudulan Ajén palsapah dina arsitéktur imah adat Sunda anu eusina ngawengku wangenan palsapah, objék palsapah, métode palsapah, cabang-cabang palsapah, ajén palsapah, wangenan arsitéktur, arsitéktur tradisional, ciri-ciri arsitektur tradisional, arsitektur minangka wujud budaya, kosmologi imah Sunda, jeung ciri has imah adat Sunda rupa-rupa wangun imah Sunda.
- 3) BAB III dijudulan métodologi panalungtikan anu eusina ngawengku sumber data, désain panalungtikan, métode panalungtikan, wangenan operasional, instrument panalungtikan, téhnik panalungtikan, jeung prosedur ngolah data.
- 4) BAB IV dijudulan déskripsi ajén palsapah dina arsitéktur imah adat Kampung Kuta. Dina ieu dideskripsikeun kabeh hal anu ngeunaan ajén palsapah imah adat Kampung Kuta.

- 5) BAB V dijudulan kacindekan jeung saran anu eusina ngawengku kacindekan jeung saran kana ieu panalungtikan.

